

# MIAMI TAX PROS

Professional. Local. Free.



## PREPARASYON TAKS ESPESYALIZE. LI GRATIS.

Ou pa bezwen pè ranpli taks ou. Nou la pou n ede ou.  
Ranpli taks ou avèk yon preparatè taks pwofesyonèl ki sètifye nan IRS  
ki soti nan Miami Tax Pros, epi ekonomize plis lajan w. Reklame sa ki pou ou.

### Poukisa w bezwen peye pou w ranpli taks ou alòske w ka ranpli taks ou gratis avèk èd yon preparatè taks ki sètifye nan IRS?

Ou gendwa kalifye pou prepare taks ou yo gratis avèk èd yon patnè VITA si youn oswa plizyè nan kondisyon ki annapre la yo reyini:

- Ou pa pale anglè byen oswa ou pa pale anglè ditou
- Ou se yon moun ki gen yon andikap
- Ou gen 60 tan oswa plis
- Ou depase limit pou revni an men ou te sibi yon difikilte finansye

RELE 211 POU W RANPLI TAKS OU OSWA VIZITE  
MIAMITAXPROS.COM POU W JWENN PLIS ENFÒMASYON!

MIAMITAXPROS.COM



**Branches**  
Trish & Dan Bell Family  
Empowerment Centers





## PWOSESIS PREPARASYON TAKS VITYÈL:



**MIAMI**  
**TAX PROS**

Professional. Local. Free.



## Ki dokiman mwen bezwen pou randevou pou preparasyon taks mwen an?

### POU POTE JOU RANDEVOU A:

- Pou w ranpli taks ou sou entènèt nan yon deklarasyon taks kote de moun marye epi yo ranpli taks yo ansanm, toude konjwen yo dwe prezan pou yo toude ka siyen fòmilè obligatwa yo.
- Eskane kat Sekirite Sosyal orijinal (pa itilize kopi) yo pou kontribiyab yo, mari/madanm si li marye, ak nenpòt depandan l ap reklame
- Aplikasyon ak renouvèlman pou ITIN yo gratis lè ou fè yon deklarasyon taks federal.
- ID ki gen Foto sou li pou kontribiyab la ak mari/madanm li (fòk se yon lisans chofè, kat ID Eta a bay, oswa lòt dokiman ofisyèl)
- Tout W-2 yo pou tout travay yo te fè pandan ane anvan an
- Yon chèk ki anile oswa nimewo kont depay ki sou yon dokiman labank pou yo ka fè depo dirèk
- Si ou te resevwa yon Kredi Taks sou Prim nan ane anvan an pa mwayen mache asirans sante Lwa sou Swen Abòdab la, pote fòmilè 1095-A.

### SI SA APLIKAB:

- Fotokopi nenpòt 1099 yo te ba w
- Relve bankè sou enterè pou fen dane yo
- Relve sou enterè dèt etidyan an
- Prè depans pou gadri timoun ou te peye yo (deklarasyon founisè swen nan gadri a te ba w l a ki gen nimewo idantifikasyon anplwayè yo (EIN) oswa nimewo sekirite sosyal yo ladan l)
- Deklarasyon depans frè eskolè pou ansèyman inivèsitè ou te peye yo
- Deklarasyon Sekirite Sosyal fen dane yo
- Nenpòt lòt dokiman ki gen rapò ak taks yo
- Kopi taks ane pase a

### IF ITEMIZING:

- Kopi relve enterè ipotèk ane pase a
- Deklarasyon taks fonsyè yo
- Prè don charitab ou te fè yo
- Relve depans ki asosye ak travay ou yo
- Anrejistreman ak taks machin ou te peye nan ane anvan an



Professional. Local. Free.









## PWOSESIS PREPARASYON TAKS VITYÈL:

### Kijan pou w eskane dokiman yo avèk Google Drive Android


Eskane dokiman tankou resi, lèt, ak relve bòdwo yo pou w sovgade yo nan Google Drive ou nan fòm PDF ke w ka chèche.

#### Eskane yon dokiman

1. Louvri app Google Drive la 
2. Nan pati anba adwat la, tape sou Add (Ajoute) 
3. Tape sou Scan (Eskane) 
4. Pran yon foto dokiman ou ta renmen eskane a
  - Ajiste zòn w ap eskane a: Tape sou Crop (Rekadre) 
  - Pran foto a ankò: Tape sou Re-scan current page (Reyeskane paj aktyèl la)
  - Eskane yon lòt paj: Tape sou Add (Ajoute) 
5. Pou w sovgade dokiman ki fini an, tape sou Done (Fini) 

#### Ajoute yon rakousi sou ekran Home (Akèy) ou pou w eskane dokiman

Pou w kreye yon rakousi pou eskane dokiman yo:

1. Louvri widjèt telefòn Android oswa tablèt ou
2. Jwenn widjèt "Drive scan" (Baleyaj Lektè) lan
3. Peze widjèt la san ou pa lage l
4. Glise al mete l sou ekran Home (Akèy) lan. Yo ka mande pou ou chwazi yon kont.
5. Chwazi dosye kote ou pral sovgade dokiman yo. Si ou vle kreye yon dosye, tape sou New Folder (Nouvo Dosye) 
6. Tape sou Select (Chwazi). W ap wè non dosye a nan widjèt la.



Professional. Local. Free.








## PWOSESIS PREPARASYON TAKS VITYÈL:




### Kijan pou w eskane dokiman sou iPhone, iPad, oswa iPod touch ou

Ou ka itilize app Notes la pou w eskane dokiman yo epi siyen dokiman yo sou iPhone, iPad, oswa iPod touch ou.

#### Escanear un documento

1. Louvri Notes epi chwazi yon nòt oswa kreye yon nouvo nòt.
2. Tape sou bouton Kamera a , apre sa tape sou Scan Documents  (Eskane Dokiman yo)
3. Mete dokiman ou an anndan ankadreman kamera a.
4. Si aparèy ou a sou mòd Auto, dokiman ou an ap eskane otomatikman. Si ou dwe pran yon foto eskàn alamen, tape sou bouton Shutter (Obtiratè)  a pou w pran Foto a oswa youn nan bouton Volim yo. Apre sa, glise kwen yo pou w ajiste eskàn lan pou li byen chita nan paj la, apre sa tape sou Keep Scan (Kenbe Eskàn).
5. Tape sou Save (Sovgade) oswa ajoute plis eskàn nan dokiman an.

#### Siyen yon dokiman

1. Louvri Notes, apres sa tape sou dokiman an ki nan nòt la.
2. Tape sou bouton Share (Pataj) la , apre sa, tape sou Markup (Anotasyon)
3. Tape sou bouton Add (Ajoute) lan , apre sa tape sou Signature (Siyen)  epi ajoute yon siyati ki deja anrejistre oswa kreye yon nouvo siyati. Apre sa ou ka ajiste gwosè ankadreman siyati a epi mete li nenpòt kote ou vle sou dokiman an.
4. Tape sou Done (Fini).

Pou w siyen dokiman ou an alamen, swiv etap 1-2, apre sa chwazi yon zouti pou itilize epi siyen dokiman an ak dwèt ou oswa yon Apple Pencil avèk yon iPad ki konpatib.



Professional. Local. Free.